# БИРИНЧИ ЧАҚИРИҚ ЎЗБЕКИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ОЛИЙ МАЖЛИСИНИНГ ЎН БИРИНЧИ СЕССИЯСИ ТЎҒРИСИДА

# АХБОРОТ

(Бошланиши 1-бетда).

Президент депутатлар эътиборини ернинг мелиоратив ҳолатини яхшилаш бўйича дастлабки ва кечиктириб бўлмайдиган вазифаларни амалга ошириш, ҳар бир гектар ердан олинадиган ҳосилдорликни кўтариш, фермер ва деҳқон хўжаликларини тараққий эттириш ва шу тариқа қишлоқ аҳолисининг доимий равишда иш билан таъминланишига эришиш зарурлигига қаратди.

Шундан кейин депутатлар Давлат ер кадастри ҳақидаги Қонун лойиҳасини биринчи ўқишда муҳокама қилишга киришдилар. Бу масала юзасидан Аграр, сув хўжалиги масалалари ва озиқ-овқат қўмитаси котиби П. Шаропов маъруза қилди. Мазкур ҳужжатни муҳокама этишда Самарқанд вилояти Жомбой тумани ҳокими Қ. Исроилов, Фарғона вилояти Қува туманининг Ш. Рашидов номидаги «Анор» жамоа хўжалиги бошқаруви раиси М. Сайфиддинова, Тошкент ирригация ва қишлоқ хўжалигини механизациялаш муҳандислари институтининг кафедра мудири Ш. Йўлдошев, Наманган вилояти туманидаги «Истиқбол» жамоа хўжалиги бошқаруви раиси Қ. Иззатиллаев, Самарқанд вилояти Ургут туманининг Алишер Навоий номидаги халқ корпорацияси раиси А. Зиёев, Тошкент вилояти Паркент тумани ҳокими Т. Холтоев, Ўзбекистон Фанлар академияси Қўлёзмалар институти директори А. Қаюмов сўзга чиқди.

Депутатлар Давлат ер кадастри тўғрисидаги Қонун лойиҳасини биринчи ўқишда маъқулладилар.

Ўзбекистон Республикасининг Оила кодекси лойиҳаси (иккинчи ўқишда) ҳақида Қонунчилик ва суд-ҳуқуқ масалалари қўмитаси раисининг ўринбосари Ф. Муҳиддинова маъруза қилди.

Сессия биринчи иш кунининг кечки мажлиси Оила кодекси лойиҳасини муҳокама қилиш билан бошланди.

Кодексни муҳокама қилишда «Оила» республика илмий-амалий маркази директори О. Мусурмонова, Фарғона давлат университети Тиббиёт маркази директори Ю. Нишонов, «Қизилқумнодирметаллолтин» концерни бошқаруви раиси Н. Кучерский, республика ёшларининг «Камолот» жамғармаси раиси Ҳ. Абдураимов, Қорақалпоғистон Республикаси Чимбой туманидаги марказий шифохона туғруқ бўлимининг бош шифокори Д. Тоғаниёзова, Хоразм вилояти Хонқа тумани ҳокими Қ. Ортиқов иштирок этди.

Депутатлар Ўзбекистон Республикасининг Оила кодексини тасдиқладилар. У 1998 йил 1 сентябрдан бошлаб кучга киради.

Иқтисодий ислоҳотлар ва тадбиркорликни ривожлантириш қўмитаси раиси А. Йўлдошев чет эл инвестициялари ҳамда чет эллик инвесторлар ҳуқуқларининг кафолатлари ва уларни ҳимоя қилиш чоралари тўғрисидаги қонунлар лойиҳалари ҳақида маъруза қилдилар.

Қонунлар лойиҳаларини муҳокама қилишда Сирдарё вилояти Ховос тумани ҳокими Р. Турдиев, «Файз» акциядорлик-холдинг компанияси бошқаруви раиси, бош директори М. Азимова, «Конструктор» илмий ишлаб чиқариш бирлашмаси бош директори А. Ғуломмаҳмудов қатнашади.

Сармоялар ҳақидаги қонунлар лойиҳалари муҳокамаси якунида Ўзбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримов сўзга чиқди. У мамлакат иқтисодиётига хорижий капитални бундан кейин ҳам янада кенг жалб этиш, республиканинг бой хамашё салоҳиятини қайта ишлаш учун янги замонавий технологияларни жорий этиш, рақобатбардошли ҳамда жаҳон андозалари талабларига мос келадиган товар ва маҳсулотлар ишлаб чиқариш зарурлигини ҳар томонлама асослаб ўтди. Республикамизга хорижий сармояларни жалб этиш — иқтисодиётимизни ҳар томонлама ривожлантиришимиз, халқ фаровонлигини оширишимиз учун восита бўладиган омилдир, деб қайд этди давлатимиз раҳбари.

Депутатлар хорижий сармоялар ҳамда хорижий сармоядорларга бериладиган кафолатлар ва уларнинг ҳуқуқларини муҳофаза қилиш ҳақидаги қонунлар ҳамда бу қонунларнинг кучга кириш тартиби тўғрисидаги қарорларни қабул қилдилар.

Депутатлар Қонунчилик ва суд-ҳуқуқ масалалари қўмитаси раиси Н. Исмоилов маърузасини тинглаб, иккинчи ўқишда кўриб чиқилган Ўзбекистон Республикаси Марказий сайлов комиссияси тўғрисидаги Қонунни қабул қилдилар.

---

Ўлуғ Ғалабага 53 йил

## *Тиниб—тинчимос инсон*



Хизмат тақозаси юзасидан Нукус шаҳридаги Ш. Рашидов кўчаси Тажимурод ака Холмурадовлар оиласига ташриф буюрдим. Ўзи 75 ёшга чиққан бўлса ҳам кўринишидан ҳали бақуввват, чаққон ажойиб инсон билан учрашдим. Ўнинг кўксини ҳўкуматимизнинг орден ва медаллари безаб турарди.

— Мен армия сафига чақирилганимда айни 17 ёшда эдим. Дастлаб Ашхабод шаҳридаги пиёда аскарлар взводлари тайёрлайдиган билим юртида таҳсил олдим. Ўқишни тугатмасданоқ бизларни фронтга жўнатишди. Уришда кичик командир лавозимида ҳамма вақт фронтнинг олдинги линиясида бўлдим. Немислар юртимизни ташлаб кетаётган бўлса ҳам кўп қаршиликлар кўрсатишди. Мен Харьков шаҳрини озод қилишда, Курск дугасидаги жангларда қатнашдим. Мен хизмат қилган 53—ўқчилар дивизиясининг 223-полки 2—Украина фронтига қарашли эди.

Бизлар Румыния, Венгрия, Чехословакия, Австрия мамлакатларини фашизм вабосидан қутқазишда иштирок қилдим. Будапешт, Прага, Вена, Бухарест шаҳарларида немисларга қарши жангларда қатнашдик.

Уруш ажалсиз булмайди—деганларидек, мен Будапешт шаҳрида жароҳатланиб госпитальда даволандим. Иккинчи марта эса Вена шаҳрини озод қилишда яна жароҳат олдим. Даволангач 1946 йилнинг февраль ойигача армия сафида бўлдим—дейди, у биз билан суҳбатда.

Тажимурод ака урушдан қайтиб келгач икки йиллик ўқитувчилар тайёрлаш институтининг математика факультетини тамомлаб йўллама билан Чимбой район ички ишлар бўлимида хизматни бошлади. 1950—1952 йилларда эса миллий хавфсизлик билим юртини ўқув шу соҳада ишлай бошлади. У кўп йиллар мобайнида республикамиз Ички ишлар вазирлигининг ҳар хил бўлимларини бошқарди. 1966 йилдан 1971 йилгача область партия комитетида республика Вазирлар Кенгашида бўлим бошлиғи бўлиб ишлаган.

Улуғ Ватан уруши ва меҳнат ветерани 1971 йилдан бошлаб Тахтакўпир тумани прокурори, 1976 йилдан бошлаб эса Республика прокуратурасида бўлим прокурори лавозимида ишлаб Республикамизда жиноятчиликнинг олдини олиш борасида самарали ишлади.

У кўп марта ҳукуматимизнинг фахрий ёрлиқлари билан мукофатланиб, Қорақалпоғистонда хизмат кўрсатган юрист унвонига сазовор бўлди. Унвони эса адлия маслаҳатчисидир.

Тиниб тинчимос Тажимурод акамиз 1988 йилдан буён Қорақалпоғистон Республикаси автомобиль йўллари бошқармасида бош юрист бўлиб хизмат қилмоқда. У турмуш ўртоғи Гулзамира опа билан 50 йилдан буён ахил яшаб 4 та фарзандини ўқитиб муносиб ўғил-қиз қилиб тарбиялади. Фарзандлари ҳам ота изидан бориб юристлик касибини танлашган. Тажимурод аканинг 6 та невараси бор.

Биз ушбу Ғалаба кунида Тажимурод ака каби барча Улуғ Ватан уруши фахрийларини самимий табриклаб, уларга узоқ умр, бахт саодат тилаймиз.

**Норбой ТЎРАБОЕВ,**
**ўз мухбиримиз.**

---

## ДИЙХАН МИЙНЕТИН ҚӘСТЕРЛЕЙИК

Тиришиликтиң нан менен екенлигин, азаннан кешке шекем маңлайдан тер төгип өмир бойы исленетуғын ҳәрекеттиң нан табыў мақсетинде исленетуғынын, ең әзиз заттың өзи нан екенлигин ҳәр бир инсан түсинсе керек. Бирақ сол әзиз затты ҳәмме толық қәстерлеп атыр ма?—деген сораўға бүгинги күнде анық «аўа» деп жуўап бериў қыйын. Себеби айырым кимселердиң сөзи, ойы бир басқа, ис-ҳәрекети бир басқа болып шықпақта.

Сөзимниң дәлили ретинде төмендеги жағдайларды атап өтпекшимен. Қанлыкөл районы аймағында Президентимиздиң 21 ноябрь 1994 жылғы «Егинлерди басқылаўға қарсы гүрести күшейтиў ҳаққында»ғы Пәрманының орынланыў дәрежеси ҳәр жылғыдай быйыл да улыўма бақлаў тәртибинде прокуратура тәрепинен қатты қадағалаўға алынып, орынларда әмелге асырылыўы тексерилмекте. 1998 жыл январь ҳәм апрель айларында пуқаралардың бәҳәрдиң әлле қашан келгенине қарамастан меншигиндеги малларын қараўсыз қалдырып, босатып жибериў нәтийжесинде бийдайға түскен 15 факт анықланды. Соннан 6 пуқараның 13 бас малы «Түркистан» жәмәәти бийдай атызының 1,5 га жер майданындағы бийдайын басқылап заялап 9750 сўм муғдарында зыян келтирген.

«Сары алтын» дийхан фермер хожалығы бийдай атызларына 6 пуқараның 17 бас малы түсип 0,35 сотых бийдай өнимин жеп басқылап 7000 сўм муғдарында, «Алтын көл» колхозы бийдай атызларына 2 пуқараның 2 бас малы түсип 0,10 га жердеги бийдайды жеп 4448 сўмлық, «Киндикөзек» ширкетлер бирлеспеси бийдай атызына 1 пуқараның 1 бас малы түсип 0,15 гә жерди басқылаған. Нәтийжеде хожалыққа 2794 сўмлық зыян келген. Анықланған жағдайлар бойынша улыўма 15 пуқараның айыбы менен 2,1 га бийдай майданы набыт етилип 23992 сўмлық материаллық зыян келтирген. Бул адамлардың ис-ҳәрекетинен халықтың елегине түсейин деп турған орташа есап пенен 4 т. 200 кг. бийдай заяланған. Демек усы адамлардың итибарсызлық ҳәрекетлеринен аўылласларының ырысқылары аяқ асты етилген деп баҳалаўға болады. Себеби бул бийдай писип елекке түсемен дегенше дийхан қанша—қанша мийнет етеди. Сонлықтан бул 15 пуқара қарсына район прокуратурасы тәрепинен судқа даўа арза келтирип дийхан мийнетине азғана болса да қыянет еткен жуўапкер адамлардан ҳақы өндириўге ҳәрекет етилди. Бирақ буның менен биз зая болған өнимди қайта өним ҳалына келтирип халқымыз дастурханына нан етип бериў мүмкиншилигинен айрылдық. Жағдай усы барысында кете берсе, халқымыздың нанының бири еки болмайтуғыны көринип тур.

Нызам бойынша өз малына ийелик етпей егинлерди заялаўға жол қойған пуқара қастан биле тура егинди жегизген болса келтирген зыян муғдарына қарай жынаят иси қозғатылады. Ал малларын қараўсыз жиберилиўи нәтийжесинде келген зыян муғдары болса мал ийесинен толығы менен өндириледи, қосымша жәрийма салынады ҳәм зыян толығы менен төлегенге шекем иркилип турған ўақыттағы малының жеген от-шөби ушын ҳәм оны баққан адамның мийнет ҳақысы өндириледи. Сонлықтан ҳәр бир турғынды өз малына ийелик етип дийхан мийнетин қәдирлеўге шақыраман.

**М. АЛЛАМУРАТОВ.**
**Қанлыкөл районы прокуроры, әдиллик киши кеңесшиси.**

# ТИЙИСЛИ ЖУЎМАҚ ШЫҒАРСА...



**«Арнаўлы қадағалаў—тексериў бөлими»ниң бас сорастырыўшысы БЕКБАЙ ТӨРЕМУРАТОВ пенен өз ўазыйпалары, саўда ҳәм хызмет көрсетиў орынларында жүз берип атырған нызам бузыўшылық жағдайлары ҳәм олардың алдын алыў бойынша исленип атырған илажлар ҳаққында гүрриңлескен еди.**

**Б. Төремуратов 1958-жылы Қараөзек районында туўылған. 1978-жылы Нөкис Мәмлекетлик Университетиниң ҳуқықтаныў бөлимине оқыўға түскеннен кейин 1983-жылы айрықша баҳалар менен питкерип өз хызмет жолын Нөкис қаласындағы «Қарақалпақтутыныў» басқармасында юрист—мәслаҳәтши болып ислеўден баслады.**

**Семьялы, үш баланың атасы. 1986—1995-жыллар аралығында Нөкис қалалық прокуратурасында аға тергеўши, 1996—1997-жыллары Қарақалпақстан Республикасы Адвокатлар коллегиясында адвокат болып ислеў менен өз мийнетин даўам еттирген. Өз қәнийгелигиниң жетик маманы болған Б. Төремуратов 1997-жылдың март айынан баслап ҚР Мәмлекетлик салық бас басқармасында аға сорастырыўшы лаўазымында ислеген. Ҳәзирги ўақытта Нөкис қалалық МСИ «Арнаўлы қадағалаў—тексериў бөлими»ниң бас сорастырыўшысы ўазыйпасын атқарып атыр.**

**Ҳәр бир раўажланған мәмлекетлерде экономикалық реформаларды тереңлестириўде, халықты социаллық жақтан қорғаўда мәмлекетлик салық инспекциясына жүдә көп ўазыйпалар жүкленген. Мәмлекетимиздиң ғәзийнесин қаржы менен толтырыўда, Президентимиз Пәрманлары, Министрлер Кабинети қарарларының, юридикалық ҳәм физикалық тәреплерди, салық төлеўши кәрханаларда салық нызамы талапларының орынланыўын қадағалаў бойынша Нөкис қалалық Мәмлекетлик салық инспекциясы тәрепинен бир қанша унамлы жумыслар исленип атыр.**

**Жақында хабаршымыз Нөкис қалалық МСИ да болып ондағы**

Мәмлекетлик салық инспекциясы Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының Конституцияларын, ӨзР Президенти Пәрманларын, Олий Мажлис қарарларын, Министрлер Кабинетиниң қарарлары менен бийликлерин, ҚР Жоқарғы Кеңеси Баслығының қарарларын ҳәм ӨзР Мәмлекетлик салық комитетиниң ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик салық бас басқармасы буйрықлары менен көрсетпелерин, сондай-ақ 1998 жылдың 1-январынан баслап өз күшине енген Өзбекстан Республикасының салық кодексин басшылыққа алған ҳалда жумыс алып барады.

Ҳәзирги ўақытта Нөкис қалалық салық инспекциясы хызметкерлери усы пәрман, нызам, қарарлардың орынланыўын, олардың бузылмаўын тәмийинлеў менен шекленип ғана қалмастан, олардың ҳәр бир кәрхана менен шөлкемлер, жәмәәтлер арасында пуқараларға толық жетип барыўын, сондай-ақ олардың мәнислерин, әҳмийетин түсиндириў жумысларын алып барып атыр.

Тилекке қарсы бир қанша кәрхана менен шөлкем басшылары, исбилерменлер, жеке пуқаралар нызамды, пәрманды биле тура қаржы жумсаў қағыйдаларын, салық төлеў режелерин, тапқан табысты жасырып есабатқа киргизбеў, саўда ҳәм халыққа хызмет көрсетиў орынларында сатыўшылар тәрепинен қарыйдарлардың ҳақысын жырып жеп қалыў, ислеген саўданы қадағалаў касса аппаратына салмай, чек бермеў бойынша нызам талапларын бузыў жағдайлары ушыраспақта, бундай жағдайларда биз оларға нызам ҳәм режелер тийкарында қатты шаралар көриўге мәжбүр болып атырмыз.

Мысалы; Пуқара Қ. Утабаев, С. Нысанбаев, Д. Улықпановлар нызам талапларына қарсы ҳалатта ҳеш қандай ҳүжжетсиз, рухсатнамасыз 410 кг пахта майын сатқан жағдайы бойынша иркилди ҳәм ӨзР ЖҚ-ның 188-статьясы менен жынаятлы ис қозғатылып, Нөкис қалалық суды тәрепинен тийисли жазасын алды. Нөкис қалалық «Азық-аўқат» акционерлик жәмийетине қараслы дүканларда ислеўши У. Акимниязова, З. Сағынбаева, Р. Кланова, А. Асанова, Б. Қансултанова, Т. Семёнова, Л. Дәўлетжановлар саўда ислеп турып турпайы түрде нызам талапларын бузып қарыйдарлардың ҳақысын жырып жеп қалған болса, ал «Валя» жеке меншик дүканының сатыўшысы В. Елизарова, «Баққалық» А/Ж не қараслы дүканның сатыўшысы К. Өмирбекова, «Спорт буйымлары» А/Ж не қараслы дүканның сатыўшысы А. Мәдреймовлар қарыйдарлар менен саўда ислеген ўақытлары түсирилген нақ пайданы қадағалаў касса аппаратына салмағанлығы ҳәм чек бермеген жағдайлары ушырасты ҳәм бул пуқаралардың нызамға қарсы ислеген ис-ҳәрекетлери бойынша жынаятлы ислер қозғатылып сорастырыў, тергеў ислери бойынша өзлериниң, қалыс гүўалардың көрсетпелери ҳәм тийисли ҳүжжетлер менен толық дәлийлленип жынаятлы ислери Нөкис қалалық судына өткерилди.

1998-жылдың I-шерегинде инспекциямыздың «Арнаўлы қадағалаў—тексериў бөлими» ниң сорастырыўшылары тәрепинен 6 жынаятлы ис қозғатылып, сорастырыў ҳәм тексериў ислери жүргизилип Нөкис қалалық судына өткерилди.

Атап айтқанда усы жылдың январь айында Нөкис қаласы аймағында жайласқан МСПК—311 кәрханасының баслығы М. Нуров ҳәм есапшысы Ж. Төлеповлар тәрепинен тапқан ҳақыйқый дәраматы 13668 сүмды жасырып аз салық төлеў мақсетинде биле тура нызамға қарсы түрде есабатқа киргизбегенлиги ҳәм МПМҚ—10 акционерлик жәмийети баслығы Г. Төремуратов, бас есапшысы Д. Шағатаевлар 201,6 мың сүмлық қосымша пайданы есабатқа киргизбеген жағдайлары ушырасты ҳәм ӨзР ЖҚ ниң 184-статьясы менен жынаятлы ис қозғатылып ҚР Ишки ислер министрлигине өткерилди ҳәм тергеў ҳәрекетлери жүргизилмекте.

Бундай нызам талапларын бузыўшы кәрхана басшыларын табыў, олардың унамсыз ис-ҳәрекетлерин анықлаў аңсат ис емес. Мине усындай ҳәрекетлердиң алдын алыў, анықлаў жумысларының көпшилигин баслығы Ю. Ибрагимов болған «Юридикалық тәреплерден салық өндириў бөлими»ниң, баслығы Д. Бердимуратов болған «Арнаўлы қадағалаў—тексериў бөлими»ниң хызметкерлери айрықша тынымсыз мийнет етип атыр.

Өткен шерек даўамында ишки ислер хызметкерлери, санитария-эпидемиялық станция, телевидение хызметкерлери менен бирликте барлығы болып 51 мәрте рейд тексериў шөлкемлестирилди.

Саўда ҳәм хызмет көрсетиў орынларының хызметкерлери жоқарыда аты аталған пәрман ҳәм қарарлар талабының орынланыўына итибарды күшейтип, көрсетилген қәте-кемшиликлерден тийисли жуўмақ шығарады—деген үмиттемен.

Соның менен бирге Мәмлекетлик салық инспекциясы хызметкерлери Президент Пәрманлары ҳәм Министрлер Кабинетиниң қарарлары талабының орынланыўы бойынша еле де жеделли жумыс алып барады—деп исеним билдиремен.

**Сәўбетлескен; Қ. СЕЙТМУРАТОВ.**
**П. МАТЖАНОВтың түсирген сүўрети.**

---

**ОИЛА САБОҚЛАРИ**

## *Ёшларга тавсиялар*

Мустаҳкам оила тўрт тамал асосида вужудга келади. Булар: севги, ҳурмат, ишонч ва мурувват. Бу тўрт асосдан бирининг йўқолиши оиланинг емирилишига олиб келади.

Бир-бирингизга нисбатан самимий муносабатда булинг. Айбингизни кечирувчи булинг. «Сен ундайсан, мен бундайман», деб таъна қилманг.

Соғлам бўлган пайтларингизда эр-хотинлик вазифангизни унутманг, жисмоний ва руҳий жиҳатдан қониқмаслик сизни бир-бирингиздан узоқлаштириши мумкин.

Оилавий сирларингизни бошқаларга айтманг. Ораларингиздаги ҳар қандай гапни ота-онангизга етказаверманг.

Айёмларда, байрамларда, бир-бирингизни қутланг. Иқтисодий, шароитингизни ҳисобга олган ҳолда совғалар қилинг.

Уйга кириб келган пайтда бир-бирингизни очиқ юз ва ширин сўз билан кутиб олинг. Уйга кирар-кирмас дардингизни дастурхон қилманг.

Кечки овқат маҳали оила аъзоларингизни дастурхон бошида кўп куттирманг.

Бир-бирингиздан яширинча пул сарфламанг. Орзу ва тилакларингизни ўзаро маслаҳат асосида юзага чиқаришга интилинг.

Ўзаро севги-эҳтиромингизни икки томон қариндошларингизга нисбатан ҳам кўрсатинг.

Бир-бирингизга ҳамиша парваришли бўлинг.

Кичик тушунмовчиликларнинг катта ғавғага айланиб кетишига йўл қўйманг. Унутмангки, улкан ёнғинлар кичик учқунлардан пайдо бўлади.

Уй ишларида бирингиз-бирингизга ёрдамчи бўлинг.

Тавсияларимизни Улуғ Оллоҳнинг Қуръони Каримдаги бир ояти билан тугатайлик: «Мумин эркак ва аёллар бир-бирларига ёрдамчидирлар. Яхшиликка буюриб, ёмонликдан қайтарадилар. Намоз ўқиб, закот берадилар. Оллоҳ ва унинг пайғамбарига итоат этадилар, Оллоҳ бундайлардан ўз раҳматини аямайди. Шубҳасиз, Оллоҳ кучлидир, ҳокимдир», «(Тавсия сураси, 71-оят).

**(«Туркистон»дан)**

---

МАИ мүйеши

### ҚӘЎИПСИЗЛИК ҚӘДЕЛЕРИН САҚЛАЙЫҚ

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң бийликлерине тийкарланып усы жылы март айында болып өткен «ҳәрекет қәўипсизлиги» бир айлығында жүз берген ҳәдийселер ҳәм исленген жумыслар ҳаққында тоқтап өтпекшимиз.

Өзбекстан Республикасы аймағында март айында өткерилген бир айлық ҳәрекет қәўипсизлигин тәмийинлеўде, оны сапалы ҳәм нәтийжели етип өткериўде Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министрлиги, Ишки ислер уйымы ҳәм Мәмлекетлик автомобиль инспекциясы хызметкерлери сондай-ақ пүткил жәмийетимиз жақсы қатнасты.

Мәмлекетлик автоинспекция хызметкерлери жәмийетшилик пенен биргеликте жол транспорт ҳәдийселериниң алдын алыўда ҳәр күни рейдлер, профилактикалық жумыслар шөлкемлестирди.

Өткерилген профилактикалық жумыслар нәтийжесинде март айында республикамыз аймағында жол—транспорт ҳәдийселерин кемейтиўге еристик. Мысалы: быйылғы март айын 1997 жыл менен салыстырғанымызда ҳәдийселер саны 20,8% (24—19) ға, набыт болғанлар саны 20,0% ға (10—8) ге, жарақатланғанлар саны 4,3% (23—22) ға кемейди.

Ал балалар қатнасындағы ЖТҲ лер саны 9—3 ке, набыт болған балалар саны 3—1 ге, ал жарақатланған балалар саны 6—2 ге, 66,6% ға кемейди. Усы бир айлық ҳәрекет қәўипсизлигинде өзиниң жақсы тәреплери менен көзге түскен ҳәм актив қатнасқан бир қатар хызметкерлер ҳәм автокәрхана, ғалаба хабар қураллары жәмәәтлерин хошаметлеў нәзерде тутылмақта.

Енди күнниң жылыўы менен балалардың жолларда жүриўлери әдеўир көбейеди, қала берсе оқыўшылардың үш ай дем алыс күнлери жақынлады, сол ушын балаларыңызға жолларда ойнаў қәўипли екенин нәсиятлап барыўыңызды соранамыз.

Сондай-ақ усы жыл 1 майдан баслап «дыққат темир жол кесиспеси»—режеси өткерилмекте. Темир жоллардан өтиўде дыққат итибарды күшейтиў, жол ҳәрекети қәделерин қатаң сақлап барыўды өтиниш етер едик.

Биз МАИ хызметкерлери быйылғы шаңарақ жылында ҳәр бир шаңарақ ағзаларына аманлық тилеймиз ҳәм сизлерди жол ҳәрекети қәделерин қатаң сақлаўға шақырамыз.

**Бахтияр САРЫБАЕВ,**
**ҚР ИИМ МАИ бөлими нәсият топарының аға инспекторы, милиция капитаны.**

